

# Kisa èd ijans lan (Auxílio Emergencial) ye?



- Se yon benefis finansye (lajan) ke gouvènman federal la bay pou soutni fanmi ki genyen fèb revni yo pandan kriz ke pandmi covid-19 a kreye a.

## Mwen se imigran, eske mwen genyen dwa resevwa?

- Wi!

## Ki vale èd la?

- An jeneral, se R\$ 600 pou chak moun pa mwa. Nan yon fanmi, jiska 2 moun kab enskri pou mande li.
- Men, lè fanm lan se moun ki responsab pou depans yo nan kay la, kantite lajan an li ap resevwa kab rive jiska R\$ 1.200.
- Si genyen yon lòt moun ant 18 e 24 lane nan menm fanmi an ki genyen dwa resevwa, li kab enskri pou mande lajan an tou. Kidonk, nan ka sa yo, kantite lajan total la ka rive jiska R\$ 1.800.

## Pou ki moun èd ijans lan ye?

- Moun ki genyen plis ke 18 tan
- Travayè enfòmèl (moun ki ap travay san kan siyen)
- Chomè (moun ki pap travay)
- Travayè Otonòm (moun ki ap travay ak pwò tèt li)
- Ti Antreprè endividyèl (MEI)



# Kòman ou kab resevwa **èd ijans lan** (*Auxílio Emergencial*)?



**ATANSYON!** Tcheke pou ou wè si ou bezwen regularize CPF ou ([receita.economia.gov.br](https://receita.economia.gov.br)).

## **1. Pou moun ki pa nan Cadastro Único**

- Prossis la fèt nan entènèt. Ou pa bezwen ale labank oubyen nan yon nan yon pòs asistans sosyal.
- Moun ki ap mande èd la dwe enskri nan aplikasyon CAIXA - Auxílio Emergencial oubyen pa entènèt nan sit sa: [auxilio.caixa.gov.br](https://auxilio.caixa.gov.br).
- Benefis la ap depoze sou kont an bank ou bay lè ou ap fè enskripsyon an. Si ou pa genyen kont labank, yon kon depay dijital nan Caixa Econômica Federal ap ouvri sou non ou otomatikman.

**Fè prevansyon  
#Retelakayou**

# Kòman ou kab resevwa **èd ijans lan** (*Auxílio Emergencial*)?



**ATANSYON!** Tcheke pou ou wè si ou bezwen regularize CPF ou ([receita.economia.gov.br](https://receita.economia.gov.br)).

## **2. Pou moun ki enskri nan Cadastro Único yo**

- Li pa nsesesè pou ou enskripsyon ni pou al nan yon bank. Benefis la ap depoze sou kont ou genyen labank atyèlman Si ou pa genyen, yon kont depay digital nan Caixa Econômica Federal ap kreye sou non ou otomatikman.
- Aksede a kont depay nan entènèt nan [auxilio.caixa.gov.br](https://auxilio.caixa.gov.br) oubyen nan aplikasyon [CAIXA - Auxílio Emergencial](#).

## **3. Pou moun ki genyen Bolsa Família**

- Li pa neesè pou ou enskri ni pou ou al labank. Benefis la ap depoze otomatikman nan katon Bolsa Família ou a.
- Moun ki resevwa pi piti ke 600 reyal yo ap kapab konplete valè ou resevwa a jiskaske li rive valè èd ijans lan.